

# ÈSKE W AP ÒITE POU PEYE LWAYE OSWA IPOTÈK POUTÈT COVID-19?



Department of Housing and  
Community Development

Gen pwotèj kont degèpisman ak pwogram finansye ki disponib pou yo ede w.

## Men sa w bezwen konnen otou moratoryom sou degèpisman ak fòklizyon an nan Massachusetts:

- Aktyèlman nan Massachusetts, gen yon moratoryom nan tout eta a, oswa yon pòz tanporè, sou degèpisman ak fòklizyon.
- Sa kanpe tout degèpisman ak fòklizyon non-ijan yo tanporèman pou tout kalite kò **kay jiska 17 oktòb 2020.**
- **Ou oblije peye lwaye w toujou.**

Si w ap lite pou fè peman lwaye oswa ipotèk, gen resous ki disponib:

**ALE SOU: [www.mass.gov/CovidHousingHelp](http://www.mass.gov/CovidHousingHelp)** pou aprann plis bagay sou pwogram èd finansye eta pou kò kay ki elijib yo epi konekte ak resous yo.

**RELE: 2-1-1** pou konekte ak resous pou lojman.

**Pale** ak mèt kay w an pou fè yon plan – fè sa a bonè!

## SI W BEZWEN ÈD PEYE PRI LOJMAN W YO

**RELE: 2-1-1**

**ALE SOU [WWW.MASS.GOV/COVIDHOUSINGHELP](http://WWW.MASS.GOV/COVIDHOUSINGHELP)**

Li enpòtan pou w fè pi bon efò w pou jwenn asistans ak lwaye, epi peye tout lwaye ou kapab avan pwotèj ki anba moratoryom Massachusetts sou degèpisman yo ekspire.